Plan Massachusetts pou Pèmèt Elèv k ap Aprann Anglè yo Reyisi

Plan Massachusetts pou Pèmèt Elèv k ap Aprann Anglè yo Reyisi **ki bay lekòl yo konsèy soufason pou yo ede Elèv k ap Aprann Anglè yo. Li genyen kat (4) ide prensipal.**

1 Kilti Lekòl

Lekòl yo ta dwe kwè nan elèv yo genyen yo epi travay avèk fanmi yo pou ede elèv yo reyisi.



2 Kontak ak Anseyan yo

Pwofesè yo ta dwe efikas epi byen prepare. Pwofesè yo pale avèk elèv yo ak fanmi yo nan fason ki **respekte tout kilti** yo.



3 Opòtinite ak Sipò

Elèv yo fè divès kalite eksperyans aprantisaj, men gen èd ki disponib lè yo bezwen sipò.



4 Yon Plan pou Reyisi Pi Devan

Pwofesè yo, lekòl yo, fanmi yo travay ansanm pou ede elèv yo fikse objektif pou avni yo epi yo ede yo atenn yo.



Jwenn plis enfòmasyon sou Plan an: https://www.doe.mass.edu/ele/blueprint/

Se Massachusetts Statewide Family Engagement Center, ki se yon pwogram Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo ki te elabore dokiman sa a pou Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts.

Èske ou gen kesyon? Kontakte lekòl la:

Nivo Konpetans nan Anglè

Lekòl la itilize Nivo Konpetans nan Anglè yo pou l ka suiv pwogrè pitit ou a ap fè nan aprantisaj Anglè. Nivo sa yo se yon ansanm konpetans elèv yo dwe devlope pou pèmèt yo pale, li, ak konprann Anglè.

Kijan lekòl la evalye pwogrè pitit ou a fè?

Yo pase elèv la tès ACCESS la yon fwa pa ane pou yo fikse yon objektif pou konnen nivo li ta dwe atenn nan Anglè ane k ap vini an. Lekòl la itilize rezilta tès ACCESS pitit ou a ak **Nivo Konpetans nan Anglè** yo pou l suiv pwogrè elèv yo epi asire l yo jwenn sipò yo bezwen pou yo rive aprann Anglè.



Lekòl la ka itilize Nivo Konpetans nan Anglè sa yo pou li:

- Dekouvri domèn kote pitit ou a bezwen amelyorasyon.
- Fikse objèktif pou pitit ou a rive **pale ak ekri Anglè byen**.
- Obsève ak suiv pwogrè pitit ou a fè nan domèn sa yo.
- Koute kòmantè ou yo.
- Egzamine resous ak sèvis yo pou ede pitit ou a.

Pitit ou a atenn objektif la ki se pale ak ekri Anglè byen.

Lekòl la ap kontinye obsève ak suiv pwogrè pitit ou a fè. Lè pitit ou a atenn tout objektif yo, li ka kite pwogram Aprantisaj Anglè yo. Lè sa a, li p ap yon **elèv k ap aprann Anglè**.



Pitit ou a pa atenn objektif la ki se pale ak ekri Anglè byen.

Nan Massachusetts, “fè pwogrè” vle di yon elèv sou wout pou l vin fò nan Anglè nan espas sis (6) lane apre l fin antre lekòl. Gen kèk elèv ki ka pran plis tan. Chak elèv aprann nan fason pa l.

Kèlkeswa nivo pitit ou a genyen nan lang Anglè, lekòl la ap kontinye sipòte li.



Jwenn plis enfòmasyon konsènan Nivo Konpetans nan Anglè: https://www.doe.mass.edu/ele/resources/benchmarks/default.html

Se Massachusetts Statewide Family Engagement Center, ki se yon pwogram Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo ki te elabore dokiman sa a pou Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts.

Èske ou gen kesyon? Kontakte lekòl la:

Kisa ki Pase Lè Pitit Ou a Pa P Aprann Anglè Ankò

Lalwa mande pou lekòl yo pwopoze Pwogram Aprantisaj Anglè pou nenpòt elèv ki bezwen l. Epitou, yo dwe teste tout Elèv k ap Aprann Anglè yo chak ane jiskaske yo pase kèk tès ki obligatwa yo. Yo rele tès sa yo tès "ACCESS". Elèv yo ka pa nan zafè Aprann Anglè ankò si yo pase tès la.

Pitit ou a pase tès ACCESS la epi li pa bezwen Pwogram Aprantisaj Anglè ankò.



Lekòl la kontinye ede pitit ou a pandan 4 lane antanke yon timoun ki p ap aprann Anglè ankò. Kalite sipò sa a rele **"suivi"**. Men sa suivi a ka gen ladan l:

- Chita pale avèk fanmi an
- Obsèvasyon nan lekòl
- Reyinyon regilye avèk fanmi an ak pwofesè pwogram aprantisaj Anglè lekòl la



Ou ka kontakte lekòl la, poze kesyon, epi jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w patisipe nan pwosesis sa a.

Si pitit ou a bezwen plis èd pou l aprann Anglè, lekòl la ap ekri w yon lèt pou l eksplike w rezon an. Pitit ou a ap re-antre nan yon pwogram Aprantisaj Anglè. Ou ka pale sou etap sa yo avèk lekòl la ak pwofesè pitit ou a genyen yo.

Elèv yo vin maton nan li, ekri, pale, ak tande Anglè.

Se Massachusetts Statewide Family Engagement Center, ki se yon pwogram Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo ki te elabore dokiman sa a pou Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts.

Èske ou gen kesyon? Kontakte lekòl la: